

**SUMATIF AKHIR TAHUN
SMA POMOSDA TANJUNGANOM NGANJUK
TAHUN PELAJARAN 2023-2024**

MATA PELAJARAN : BAHASA JAWA
KELAS /FASE : XI / F
HARI/TANGGAL : SELASA/ 11 JUNI 2024
WAKTU : 60 MENIT
SIFAT : BUKA KARCAS AKSARA JAWA
PENGUJI : AIDA MUSLIKAH ROSADI, S.Pd.

NAMA PESERTA	:
KELAS	:
NO. PESERTA	:
NO. ABSEN	:

PETUNJUK KHUSUS

KODE SOAL:

- (PG-1) ○ : Pilihan Ganda 1 (Satu) Jawaban Benar, dengan memberi tanda silang (X)
(PGK- L1) □ : Pilihan Ganda Komplek Lebih dari 1 (satu) Jawaban Benar, dengan memberi tanda silang (X)
(PGK-BS-1) : Pilihan Ganda Komplek Benar Salah 1 (satu) pernyataan, dengan memberi tanda centang (✓)
(PGK-BS-L1) : Pilihan Ganda Komplek Benar Salah atau sejenisnya Lebih dari 1 (satu) pernyataan, dengan memberi tanda centang (✓)
(MJDK) : Menjodohkan jawaban dengan menuliskan angka/huruf.
(IJS) : Isian Jawaban singkat
(U) : Uraian

Setitekn andharan babagan tembang Macapat ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 1-2!

Tembang yaiku rumpakan basa kanthi paugeran tartamtu kang pangucapane kudu nggunakake kagunan swara. Tembang macapat diarani tembang cilik kang duweni paugeran-paugeran guru gatra (cacahing larik saben sapada), guru wilangan (cacahing wanda saben sagatra), lan guru lagu (tibaning swara ing pungkasaning gatra). Urut-urutané tembang Jawa iku padha karo lelakoning manungsa saka mulai bayi abang nganti tumekaning pati. Jinise tembang macapat ana sewelas yaiku Maskumambang, Mijil, Sinom, Kinanthi, Asmarandana, Gambuh, Dhandhanggula, Durma, Pangkur, Megatruh, lan Pocung.

Tuladha salah sawijine tembang macapat:

*Amenangi jaman edan
Ewuh aya ing pambudi
Melu edan nora tahan
Yen tan melu anglakoni
Boya keduman melik
Kaliren wekasannipun
Dilalah kersa Allah
Begja-begjane kang lali
Luwih begja kang eling lawan waspada*

(Ranggawarsita, Serat Kalatidha)

[\(https://davidadinugroho.wordpress.com/2015/06/04/urutane-macapat-miturut-filosofi-urip-manungsa/\)](https://davidadinugroho.wordpress.com/2015/06/04/urutane-macapat-miturut-filosofi-urip-manungsa/)

1. **(PG-1)** Tembang Maskumambang iku nggambarake

- (A) Laire si jabang bayi.
(B) Bocah kudu golek ngelmu utawa ngangsu kawruh.
(C) Bocah sing dituntun supaya slamet uripe.
(D) Nalika manungsa isih ana ing alam ruh lan durung lair.
(E) Wong kang ngancik alam kulawarga.

2. **(PG-1)** Tembang macapat kang nggambarake kahanane manungsa nalika isih enom, golek ngelmu saakeh-akehe kanggo sanguning urip ing tembe mburine yaiku

(A) Kinanthi
(B) Asmarandana
(C) Durma
(D) Sinom
(E) Mijil

3. **(PGK-BS-L1)** Adhedhasar tuladha tembang macapat ing dhuwur, wenehana tandha *centang* (v) ing kolom 'Bener' utawa 'Luput'!

Andharan	Bener	Luput
Dumadi saka 9 gatra		
Gatra ke-4 duweni paugeran 7i		
Duwe pitutur supaya kudu tansah eling lan waspada		
Dumadi saka sapada		
Pangriptane Ranggawarsita, Serat Wedhatama		

Semaken tembang ngisor iki kanggo mangsuli pitakonan nomer 4-5!

Mangkono ngelmu kang nyata,
sanyatane mung weh reseping ati,
bungah ingaran cubluk,
sukeng tyas yen denina,
nora kaya si punggung anggung gumrungung,
ugungan sadina dina,
aja mangkono wong urip.

4. **(PG-1)** Pitutur luhur kang tinemu sajroning tembang ing dhuwur yaiku

(A) Dadi wong aja seneng ngina marang sapadha-padha.
(B) Wong urip iku aja sedih yen diarani bodho, aja nesu yen diina, mula kowe bakal nemoni urip kang tentrem.
(C) Wong bodho iku adate sok sombong lan keminter.
(D) Goleka ilmu sing akeh supaya mulya uripmu ing tembe mburi.
(E) Uripa kanthi prasaja lan jujur ana sakabehing tumindak.

5. **(PG-1)** Guru wilangan lan guru lagu gatra kalima tembang ing dhuwur yaiku

(A) 8a
(B) 11i
(C) 7u
(D) 12u
(E) 8i

6. **(PG-1)** Sandhangan paten/sigeg iku gunane kanggo mateni aksara. Kang kalebu tandha paten/sigeg ing ngisor iki, *kajaba*

(A) Layar
(B) Wignyan
(C) Cecak
(D) Pangkon
(E) Wulu

Kanggo nomer 11-15 wangsulan ditulis ing lembar kertas/folio!

11. (U) Ing Pondok iki wis katata kagiyatan kang kudu dilakoni dening santri, wiwit tangi turu nganti turu maneh. Coba tulisna 5 kagiyatan saben dinamu nganggo Aksara Jawa!

Wangsulan :

12. (U) Ing piwulangan kapindho babagan Tembang macapat wis padha gladhen nembang karo kelompok dhewe-dhewe. Apa sing kok rasakke sawise nembang macapat wingi? Wenehi alesanmu!

Wangsulan :

Teks Drama singkat ngisor iki kanggo mangsuli pitakon nomer 13.

Dekbengine ngono Bejo arep ngajak Asep ndelok wayang nang alun-alun, tapi Asep ora ana. Pas ketemu karo Asep ing sekolahan, Bejo banjur takon karo Asep.

Bejo : "Jane awakmu mambengi kuwi nandi to, Sep?"

Asep : "Ngopo kok takon aku mambengi saka endi? emange napa, Jo?"

Dimas : "Awakmu kuwi arep dijak ndelok wayang nang alun-alun karo Bejo.

(*Ngerti yen mambengi ana wayang, Deni ngrasa kaget amarga dheweke ora krungu wartane.*)

Deni : "Lho.. emange mambengi ana wayang toh nang alun-alun? awakmu jare sapa? aku kok ora krungu ya?"

Bejo : "Iya, ana."

Deni : "Waduh.. geton tenan aku cah ora ndelok mambengi. Ya apa kowe iki kok ora ana sing ngandhani aku?"

(*Dumadakan Tijo omong ...*)

Tijo : "Lha kowe arep ndelok wayang barang kuwi nyapo toh jane? wong wayang wae kok arep kokdelok, penak ndelok tv nang omah."

Deni : "Lho.. lho.. lho.. piye toh jane awakmu iki? wong ana wayang kok milih ndelok tv nang omah iku. Kowe ngerti ora nek wayang kuwi salah sijine budaya wong Jawa?"

Dimas : "Pancene! Wayang iku salah sijine budaya wong Jawa sing kudu dilestarekne.

Asep : "Iyo, bener kuwi. Aja sampe wayang kuwi ora awak dhewe lestarekne amarga kuwi warisan bangsa lho.. ngawur wae awakmu iku, Jo!"

(*Tijo malah ngeyel lan ngomong yen wayang iku ora ana pigunane.*)

Tijo : "Walah.. wayang wae kok digawe ribut. Lak palang ndelok liyane. Emange wayang kuwi tontonan apa toh.. ora ana wigatine blas kuwi!!"

Bejo : "Wah.. awakmu iki pancen payah tenan. Mosok wong urip kok ora ngerti warisan budaya."

Deni : "Iya, tenan Tijo iki.. payah kok iki."

Asep : "Piye toh Tijo, wong kui budayamu dhewe kok malah di enyek?"

Dimas : "Ya ngono kuwi, wong nek wes lakone wae ora jejeg ya ngono kuwi. Wong budaya kuwi identitas bangsa kok malah di enyek."

Saka kapapat kancane Tijo, akhire Bejo kasil nyadharake Tijo babagan wigatine seneng nglestarekake budaya bangsa.

Bejo : "Tijo, aku arep takon karo awakmu.."

Tijo : "Takon apa? ndang takon"

Bejo : "Awakmu karo Tilawatil Qur'an (Tijo kerep dadi Qori') maune seneng opo ora?"

Tijo : "Ora."

Bejo : "Lha terus apa sing nggarahi kowe seneng?"

Tijo : "Lha aku maune ora isa babar blas maca Qur'an. Trus diajari lan diwenehi ngerti manfaate bisa maca Qur'an karo Bapakku. Akhire suwe-suwe aku malih seneng."

Bejo : "Budaya ya ngono kuwi.. awakmu ora seneng karo wayang kuwi ya merga awakmu ora ngerti sejarah. Jajal awakmu ngerti sejarah lak kowe iso seneng."

(*akhire Tijo meneng karo nggrahita apa sing diomongne Bejo.*)

Tijo : "Wah iya ya.. ketok'e bener sing kok omongno kuwi."

(Sumber: <https://brainly.co.id/tugas/12701711>)

13. (U) Sawise maca teks drama ing dhuwur banjur jangkepna tabel ing ngisor iki!

No	Paraga	Watak	Ukara kang nuduhake
1.			
2.			
3.			
4.			
5.			

Aksara Jawa

၁၈၈	၁၉၉	၂၀၀	၂၁၁	၂၂၂
၂၃၃	၂၄၄	၂၅၅	၂၆၆	၂၇၇
၂၈၈	၂၉၉	၃၀၀	၃၁၁	၃၂၂
၃၃၃	၃၄၄	၃၅၅	၃၆၆	၃၇၇

Angka Jawa

ᄃ	ᄅ	ᄇ	ᄉ	ᄋ	ᄍ	ᄏ	ᄑ	ᄓ	ᄕ
---	---	---	---	---	---	---	---	---	---

- (U) Tulisen unine aksara Jawa ngisor iki kanthi bener! (nomer 7-9)**

14. || ဣဒ္ဓါဗ္ဗာဟံ ဣဒ္ဓါဗ္ဗာဟံ ဣဒ္ဓါဗ္ဗာဟံ ||

[illegible]

Wangsulan:

15. || សូត្រាឧបសម្ពោទ វិចិត្រ ព្រហ្មញ្ញៈ អរិយកេរ្តិ៍ ॥

Wangsulan:

≈≈ NUWUN ≈≈